АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№29 (10023)

РУЗМАН

22 июль 2022 сон

23 ЗУЛЬ-ХИДЖА 1443 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багъа эркенаб

■ РОСДАЛ МАГIИШАТ

## Ахбазаналъул байрам

**Риидалил бищун тIагIамаб пихъ кIодо гьабулеб, «Дагъистаналъул меседилаб ахбазан» абураб фестиваль тIобитIана 16 июлалда тахшагьаралда.**




ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Авартеатралъул майданалда тIиритIун рукIана ахбазан жидеца гIезабулел районазул цебе лъей ва росдал магIишаталъул нигIматазул ярмарка.

Фестивалалда гIахьаллъи гьабизе ва росдал магIишатазул нигIматазе къимат кьезе щвана ДРялъул ХIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов, гьесул заместитель Нариман ГIабдулмутIалибов, ДРялъул росдал магIишаталъул министр Мухтарбий Аджеков ва цогидал тIадегIанал гьалбал.

Тадбир кIодо гьабун гьенире щвана цо чанго районалъул нухмалъулел. Гьезул мухъилъ вукIана нилъер районалъул бетIер МухIамад ХIасановги. Гьес цIакъ лъикIаб къимат кьуна росдал магIишаталъул отделалъ ва районалъул жигарчагIаз гьабураб гIуцIиялъе.

Ярмаркаялда жидецаго гIезарурал пихъалгун ва нигIматалгун нилъер районалдаса гIахьаллъана СПК «Адаб», СПК «Юмна», КФХ «Кобони», КФХ «ГерцIоб», ГьитIинов Увайсил ва ГьитIино ГьитIиновасул ЛПХял.

ГIезабураб ахбазан гуребги, гьелъул гьарулелщинал тIагIамалги рукIана фестивалалда цере лъун.

(Ахир 2-леб гъумералда)



■ ТАДБИРАЛ, БАЙРАМАЛ

## МагIарулазул кIудияб руцIцIен




МагIарул миллат цолъиялъе сабаблъун бугеб, ахириял соназ лъикIаб гIадатлъун жиб лъугьараб авар мацIалъул мугIалимзабазул руцIцIен тIобитIана 16-17 июлалда Унсоколо районалъул ГIашилтIа росдада аскIоб.

Санайилаб тIолго магIарулазул байрамалда данделъун рукIана 31 муниципалияб гIуцIиялъул вакилзаби.

(Хадусеб цIале 3-леб гъумералда)

■ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

## МухIамадов ШамилхIажи Лабазанович



Гьале цоги пашманаб хабар рагъулал лъугьабахъиназул мухъалдаса щвана нилъер районалде.

Дагъал цeрегIан къояз лъана КъахIиса 24 сон барав гIолилав ШамилхIажи МухIамадов къадаралде щванин абураб хабар.

Украинаялъул ракьалда рагъулаб спецоперациялъул тIоцересел къоязго гьениве ккарав ШамилхIажи хун вуго гIемерал кескал речIчIун щварал ругъназ.

ШамилхIажи МухIамадов ккола КъахIиса, гьавуна МахIачхъала шагьаралда 1998 соналъ. МахIачхъалаялда 34-леб школа лъугIигун, гьев ахIула армиялде. Волгоград шагьаралда тIадаб болжалалъ хъулухъги гьабун, гьес хъван буго контракт аскарияб хъулухъалде лъугьине. Гьесул къамартIиялъухъ цо чанго нухалъ гьев вихьизавуна бищун лъикIазул мухъилъ ва гIемерал шапакъатазе мустахIикълъана. 9 маялъул парадалда гIахьаллъиялъухъ ШамилхIажий РФялъул оборонаялъул министр С.К. Шойгуца кьун буго ХIурматияб шапакъат.

Аслияб контрактияб хъулухъ ШамилхIажил букIана Карачаево-Черкессиялда молострелковиял аскаразда. Украинаялъул ракьалда спецоперация байбихьанин хабар щвейдал, гьев вукIун вуго Джангой шагьаралда рагъулаб полигоналда учениязда. 26 февралалдаго рагъулъе жанире лъугьаразул тIоцевесезулъ вукIун вуго ШамилхIажи. ТIоцересел кьвагьа-гIанхъиязде гъорлъеги ккун вуго. Николаевская областалъул Виноградовка поселокалда жанир лъугьунаго, кьвагьиялде гъоркье ккун, гьесул командир ва гьалмагъ лъукъун руго. Гьел хвасар гьаризе бахIарчилъи бихьизабун буго ШамилхIажица.

Амма гьелдаса хадуб ункъго моцIалъ хабар лъачIого тIагIаразулъ рехсолев вукIана ШамилхIажи. 15 июлалъ Украинаялъул рахъгун хварал хисулезулъ ватун, гьесул жаназа нахъе щвана. 3 мартала чIван вукIун вуго ШамилхIажи. Вукъана гьев Ленинкенталда.

Гьваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго гIагарлъиялда ва гьесул эбел-инсуда. Аллагьас алжан насиб гьабеги, мунагьал чурун ратайги. Эбел-инсуе сабру кьеги.

ВатIаналъул борч тIубалеб къеркьеялъул коронир ругел нилъер гIолилал цIунайги Аллагьас. Амин!

**Райадминистрация ва редакция**

■ БАРКИ



ХIурматиял районцоял, баркула Дагъистаналъул Конституциялъул къо!

Щибаб соналъул 26-леб июлалда Дагъистаналда кIодо гьабула республикаялъул Конституция къабул гьабураб къо. Конституциялъ тасдикъ гьабуна Федерацияб пачалихъалда гъорлъ Дагъистаналъул цолъи цIунизе нилъер халкъалъул бугеб кIудияб мурад ва ният.

Конституциялъул къимат цIикIкIуна гьелда бихьизабураб гIумруялде бахъинабулеб бугони, щивав дагъистаниясе гьелъ кьолел ругел ихтиярал цIунулел ругони. Жакъа, республикаялъул аслияб къануналда рихьизарурал киназулго ращадал ихтиярал, пикрабазе ва рагIуе эркенлъи, лъай, медицинаялъулаб хъулухъ, социалияб кумек щвей букIинабиялда тIад хIалтIулел руго киналго районцоял.

Баркула тIолго районцоязда гьаб гьайбатаб байрам! Гьарула нужее щулияб сахлъи, гIагараб Дагъистаналда ва тIолабго Россиялда гIумру цебетIезабиялъе щивас гьабулеб хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби!

**Районалъул бетIер**
**МухIамад ХIАСАНОВ**

■ АВТОРАСУЛ БОКIОН

Давуд ДАВУДОВ

## Конституциялъул къо

Дунялалда щибаб пачалихъияб гIуцIиялъул буго аслияб къанун –гьелъул Конституция. Конституциялъ тIоцебесеб иргаялда чIезабула улкаялъул гIуцIи, политикиял институтазул хIалтIиялъул хаслъаби, улкаялъул гражданазул ихтиярал цIуни ва гIумру-яшавалъе шартIал рукIинариялъул суалал. ГIатIидаб магIнаялда, Конституциялъ жанире рачуна тIолго улкаялъего гIаммал, киназего гIахьалал рукIа-рахъиналъул къагIидаби.

1994 соналъул 26 июлалда къабул гьабуна Дагъистаналъул Конституция. Гьеб къо нилъер республикаялъул тарихалде ана Дагъистаналъул миллияб байрам - ДРялъул Конституциялъул къо хIисабалда.

Нилъер республикаялъул тIоцебесеб Конституция къабул гьабуна Темир-Хан-Шураб 1921соналъул 5 декабралда Советазул учредителазул тIоцебесеб съездалда. Конституциялда кIвар буссинабун букIана Дагъистаналъе автономиялъул ихтиярал щвей, ва гьединго республикаялъе нухмалъи дагьабги камил гьаби мурадалда пачалихъиял гIуцIабазул тIабигIат мухIкан гьабиялде. Гьеб аслияб куцалда букIана РСФСРалъул аслияб законалда бухьараб. Конституциялъ рагьана Советияб хIукуматалъул заманалда республикаялъул пачалихъалъулаб ва жамгIияб гIуцIи. Абизе ккараб буго 1921 соналдаса хадуб Дагъистаналъул аслияб законалда хиса-басиял гьаруна 1927, 1937, 1978, 1994, 2003 соназда. Гьел рукIана политикияб, миллияб, социалияб ва экономикияб гIумру цебетIеялда хурхун гьарурал цIилъаби.

Жакъасеб Дагъистаналъул Конституция гIуцIун буго 11 бетIералдаса ва гьелда жаниб буго 105 статья. ЦIияб Конституция къабул гьаби дагъистаниязул гIумруялда жаниб ккана кIудияб лъугьа-бахъинлъун. Гьелъ тасдикъ гьабуна нилъер миллатал гIемераб халкъалъ гьудуллъиялда, гьуинлъиялда Россиялъул киналниги халкъалгун цадахъ гIумру гьабизе бугеб гьира ва къасд. Дагъистан республикаялъул аслияб закон ккола республика хадубккунги цебетIеялъе ва халкъазда гьоркьоб гъунки букIинабиялъе щулияб къучIлъун. Дагъистаналъул Конституциялъ гIатIидал ресал кьуна инсанасул ихтиярал цIунизеги, республикаялда социалияб ритIухълъи букIинабизеги.

2022 соналъул 30 июналда тIобитIараб Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул данделъиялде росарал суалазда гьоркьор рукIана Дагъистаналъул Конституциялда хиса-басиял гьариялда хурхаралги. ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатаз, жамагIатчагIаз ва гIадамаз кIвар буссинабулеблъун буго республикаялъул Конституциялда гьарулел хиса-басиязда гьоркьоб бугеб Дагъистаналъул ракьазул цолъи цIуниялда жаниб республикаялъул бетIерасул кIваралда хурхараб суал. Нилъер республикаялъул Конституциялда гьарулел хиса-басиял, тIадежураял руго Россиялъул Конституциялде данде ккезабиялъул мурадалда гьарулел жал. Россиялъул цогидал субъектазул ва гьезда гьоркьоб Дагъистаналъул ракьазулаб цолъи цIуни, гьеб буго Россиялъул Конституциялда рекъон, Федералияб власталда тIадаб иш.

Амма, кин бугониги халкъалъул рахIатхвей бижулеб буго ракьазул гIорхъаби хисизариялда тIаса. Мисалалъе, риидалил мучIдузде гIи гочинабиялъул ракьазул къадар бахуна цогун бащдаб миллион гектаралде. Жакъа гьел ракьазда гIун бачIун буго 200 росу, 77 школа, 16 лъималазул ясли-ах. Амма гьезул букIине кколеб хIисаб, статус, хъвай-хъвагIай гьечIо. Гьениб гIумру гьабулеб буго 28 азарго чияс. Гьелдаго цадахъ абизе кkола гьел ракьаздаса битIун пайда босулеб гьечIолъиялъулги. Гьединго хIалуцараблъун буго ЦIияб Лак районалъул ракьал Чачан республикаялде гьоркьоре ине бегьиялъул суалалги. «РФялъул Конституциялъул 67 статьялда рекъон, регионазул гIорхъабазул хиса-басиялъе къваригIуна гьел регионазул разилъи ва Пачалихъалъул Думаялъ къабул гьабураб Конституциялъулал хиса-басиял. Гьел хIинкъи бугел хIалбихьиял Шималияб Кавказалъул республикабазда тIоритIизе Федералияб центр хIадурун гьечIо»-ян пикру загьир гьабуна регионалиял проблемабазул Институталъул директор Дмитрий Журавлевас.

БатIи-батIиял экспертаз рикIкIунеб буго ДРялъул Конституциялда рукIине бегьулел хиса-басиязда сверухъ гьарулел жамагIатчагIазул бахIсал республикаялда политикияб ахIвал-хIал чучлъизабиялде ургъунго гьарулел жал ругилан.

Жакъа республикаялъул бетIерас ва хIукуматалъ рагьарал хIалтIаби гьарулел руго Конституциялъ кьурал инсанасул ихтиярал цIуниялда, халкъалъе хIалтIи чIезабиялда, хIухьбахъиялда рухьарал тадбирал рагIаракьанде щун, гIумруялде рахъинариялъул мурадалда. Нилъер щивасда тIадабги буго гьелъие квербакъизе.

■ РОСДАЛ МАГIИШАТ

# Ахбазаналъул байрам




(Байбихьи 1-себ гъумералда)



ЦIакъ лъикIаб хIадурлъи тадбиралда бихьизабуна росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъиялда гъоркь гIуцIараб нилъер районалъул къокъаялъ. Шамил районалъул тепсиялда цебе лъун букIана бечедаб миллияб квенги, куракудул батIи-батIиял тайпабиги, гьелъул гьарулел квеналги. Нилъер районалда бижараб ва гIураб бакъулаб пихъил тIагIам ва миллиял квеназул хIалбихьизе рес букIана киназего.

Районалъул маданиятаалъул махщелчагIазул гIахьаллъиялъ цIакъго бер-








цин гьабуна тадбир. Миллиял бакъназда гъоркь свери бахъана ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас, МухIамад ХIасановас ва цогидаз. РакIал асир гьарулел кучIдуз нилъеразул горсвериялде ракIарана шагьаралъул ва республикаялъул гIемерал гьалбал.

Фестивалалъул тадбиразулъ рихьизарун рукIана цо чанго конкурсги. Гьезулъги, лъикIал хIасилалгун, жигараб гIахьалчилъи бихьизабуна нилъер районцояз.

«Бищун кIудияб ахбазан» конкурсалда бергьенлъи босана Гьолокьа Увайс ГьитIиновас.

Ахбазаналъул сурат бахъиялъул конкурсалда бищун лъикIазул кьерда йикIана ХIебда гьоркьохъеб школалъул 8 классалъул цIалдохъан ШугIайнат ХIажиева.

Ахбазаналде гьабураб кечI рикIкIиналъул къецазда лъикIаб гIахьаллъи бихьизабуна ХIебда садикалъул гьитIинай жигарчIужу ПатIимат МахIачевалъ ва ХIебда школалъул 4 классалъул цIалдохъан Мадина ХIажиевалъ.

ПурчIун хехго бекиялъул къецазда гIахьаллъана ХIебда садикалъул тарбиячIужу Аминат ХIадисова. Киналго гIахьалчагIазе ДРялъул росдал магIишаталъул министерствоялъул рахъалдасан къиматал шапакъатал ва нилъерго райадминистрациялъул баркалаялъул кагътал кьуна.

Ахихъанлъиялде кIвар кьей ва республикаялъул нухмалъулезул бербалагьи буссинаби буго гьединал тадбирал гIуцIиялъул аслияб масъала. Соналдаса соналде гьеб фестиваль жеги гIатIилъун, росдал нигIматал гIезарулел цIикIкIун, кIодолъулеб буго.

ТI. МУХIАМАДОВ

■ ТАДБИРАЛ, БАЙРАМАЛ

# МагIарулазул кIудияб руцIцIен

(Байбихьи 1-себ гьумералда)

МугIалимзабазул слет абун байбихьи жиндир букIараб тадбир гьанже сверун буго лъайкьеялъул, маданияталъул, литературияб, жамгIияб, ай миллаталъулго кIудияб горсвериялде.

Унго-унголъунги хIайранаб байрамалде сверараб тадбир буго гьеб! КIиябго къоялъ къотIичIо гIешдерил рохьоб миллиял кучIдулги умумузул бакъналги.

ТIоцебесеб къоялъго байбихьана хIалуцарал къецал муниципалиял гIуцIабазул командабазда гьоркьор. Щибаб мухъалъул къокъабаз рихьизаруна «Дир къадруяб авар халкъ» абураб ахIиялда гъоркь церерахъинал. АнцIила ичIго командаялъ гIахьаллъи гьабуна гьеб конкурсалда. Шамил районалъул къокъаялъ жидерго церерахъиналдалъун бихьизабуна нилъер районалъул щибаб мухъалъул хаслъи. Гьаадерил Оцбанкъоялъул бутIаги, гьидерил карщги, къелдерил хIунтIергун хIанил чадалги, гьанхъадерил шалалги, тIекьадерил тIимгъалгун пандурги гъорлъе бачараб постановкаялъе, кьурдабигун кучIдуз бечедаб церерахъиналъе гIемераб рецц-бакъ щвана гьениб.



Шамил районалъул къокъа



ЦIакъ рекIей гIуна жюриялъе нилъер тIагIамал



Регионалияб телевидение Шамил районалъул тепсиялъул хIалбихьиялда

КIиабилеб къоялъул аслияб тадбир букIана руцIцIеналъул къокъабазда гьоркьоб миллияб кванил нигIматазул къец. ЦIакъ мухIканго, миллияб хаслъиги цIунун, гIуцIун рукIана щибаб мухъалъул тепсиял.

Къецазда гьоркьоб заман берцин гьабун букIана кочIохъабазул, кьурдухъабазул ва фольклориял ансамблязул церерахъиназ. ЦIакъго киналго гIахьалчагIи хIайран гьабураблъун ккана Авартеатралъ бихьизабураб «Росулъ ккараб кепаб иш» спектакль. КIиго сагIатгIанасеб мехалъ, гьоркьоб къотIичIого, балагьарал чахьал унтизегIан релъизаруна Авартеатралъул артистаз. Гьеб буго унго-унгояб махщелалъул тIокIлъи!

Киналго къецазул хIасилал жюриялъ данде росидал, нилъер районалъе щвана 3-леб бакI. Цадахъго 3-леб бакI гьоркьоб бикьана МахIачхъала шагьаралъул «ХъахIмаккал» командаялъ ва Болъихъ районалъул къокъаялъ.

КIиабилеб бакIги исана лъабго бихьизабуна. Гьеб щвана Хунзахъ районалъе, ЛъаратIа районалъе ва Хасавюрт шагьаралъул къокъаялъе.

ТIоцебесеб, ай бергьенлъиялъул бакI босана ЧIарада районалъул къокъаялъ.

Киналго командабазе кьуна МагIарулазул миллиябгун маданияб автономиялъул ва магIарул мацIалъул мугIалимзабазул цолъиялъул рахъалдаса хIурматиял шапакъатал, бергьараб къокъаялъе кубокги. Хадусеб соналъ гьеб фестиваль тIобитIизе рес щвана чIарадисезе.

ГIемерал шапакъатал, баркалаялъул кагътал ва гъваридал кIалъаялги рукIана кIиябго къоялъ. МагIарулазул гIемерал машгъурал гIадамал гIахьаллъиялъ къимат борхизабулеб буго гьеб руцIцIеналъул. Нилъер районалдаса тIадегIанал гьалбадерил къокъаялъулъ рукIана Дагъистаналъул Халкъияв шагIир МухIамад ХIамзаев, поэтесса Залму МухIамадова, машгъурав артист ХIабиб Хириясулаев ва цогидал.

Киналго церерахъараз кIудияб баркала загьир гьабулеб букIана МагIарулазул миллиябгун маданияб автономиялъул ва магIарул мацIалъул мугIалимзабазул цолъиялъул нухмалъулезе. Гьезул кIудияб бажаригун жигарчилъиялдалъун гIуцIараб тадбир гьеб букIиналъги батила халкъ гьадин цолъун бугеб гьел жамгIиял гIуцIабазда сверун. Тадбир гIуцIиялъе ва нухда бачиналъе жиндица кIудияб кIвар лъурай, МагIарулай журналалъул редактор, рахьдал мацIалъул мугIалимзабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Баху МухIидиновалъе баркалаялъул рагIаби загьир гьаруна киналго гIахьалчагIаз.

МагIарулал данделъизе, цоцалъ гъункизе, миллиябщиналде рокьи цIикIкIинабизе ва магIарул мацIалъул мугIалимзабазул къимат-къадру борхинабизе ракI чIараб тIадегIанаб бакI ккуна гьеб байрамияб тадбиралъ.

ПатIимат МУХIАМАДОВА





Зурма-кьолол бакъназ асир гьавичIев чи хутIичIо

■ РОСАБАЗУЛ ГІУМРУ

# Гъункиялъ цебе бачуна хIалтIи

**МугIрул росабалъ аслияб хIалтIи кидаго букIана жамагIаталъул цолъиялда ва жигарчилъиялда бараб. КигIан бакIалъулал нухмалъулел росулъ шартIал чIезаризе къеркьаниги, цо-кIиго чиясул бажариялдалъун гьеб лъугьунаро.**



Гьединаб цолъиги гъункиги бихьизабуна арал гIодоркъояз махъадерил гIолохъабаз. Могьохъ росдал администрациялъул кIваралдалъун, «ТIалоб-Бухьари» нухда хIалтIуе байбихьи лъун буго. Гьениб кIудияб кумек щванин жамагIаталъулин бицана бегавуласул заместителас.

- Росдал администрациялъул ахIиялда гъоркь махъадерил гIолохъабаз тIобитIана гьениб субботник. 1000 метра халалъиялъул манзилалда, нахъе рахъун, цIидасан лъуна нух къачIаялъе кваlквал гьарулел лъим бачунел рогIрал. ЦIиял трубабиги лъуна, сварка гьабизе хутIун буго гьанже. КIиго къоялъ гьеб субботникалда гIахьаллъана 40ялдаса цIикIкIун Могьохъ росдал гIолилал, - ян бицана Могьохъ росдал бегавуласул заместитель А. МухIамадовас.

Росулъ лъикIал нухалги бацIцIадаб лъимги чIезаби буго бегавуласул хIалтIулъ аслияб бакI кколел ишал. Могьохъ гьеб тIубаялъе цIакъ кIудияб кIвар кьолеб буго ахирал саназ.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ РАЙОНЦОЯЗУЛ ГІУМРУ

# МагIарул гIаданлъиги намусги биличIев

Чанго чи ватулев вуго гIагараздасаги, гъудулзабаздасаги цевегIанав, къо ккараб мехалъ.

- Дида киданиги ракIалде ккелароан жеги вихьичIев, лъаларев чияс, дун магIарулав вукIин лъайдал,дие гьабгощинаб лъикIлъиги гIаданлъиги гьаби,-лилан байбихьана Шамил районалъул Къелеб мухъалъул Ругъелдаса ХIасаница жиндирго сапаралъул хIакъалъулъ хабар.

Гьев ккола I-себ группаялъул инвалид. Анлъго соналъ цебе ккараб автоавариялъул хIасилалда гьев сакъатлъана. ХIалтIуларо цIино бахун гъоркьехун бакI. ГьечIо кинабгIаги бичIчI махIабазда. Вагъа-вашаризе кумек букIуна коляскаялъул. ГIемераб мехалъ вегун вукIине ккун, мугъзал гьодалъул ахада лъугьана ругъун. Бигьаго ва хехго сахлъуларо гьеб пролежный абулеб ругъун. Гьеб сах гьабулеб больница Донецкиялда бугилан рагIидал, ккана дове. Цадахъ кумекалъе чиги гьечIого сапаралда ккарал квалквалазул бицинаро. Больницаялда гьев вегизе ккун вуго чехьалда, гьебги цо къоялъ, анкьалъ гуреб ..моцIаз.

- Щибго хIажатаб жо ккани, гIарацги кьун, медсестра, яги санитарка йитIулаан тукаде босизе. Цо къоялъ гьедин йитIарай санитаркаялъ тукада вичарулев чиясда абун батана нужехъа дагъистанияс йитIарай йигин жийилан. ГIарацги босичIого, гьес абун батана живго вачIинин гьесухъе къваригIарабги босунилан. Гьедин къваригIарабги жеги гIемерал кванил нигIматалги росун, палатаялде ваккун вачIана цо чи.

Гьев ватана Болъихъ районалдаса Раджабов ГьитIинамухIамад. Гьанжеялдаса 40 соналъ цеве ккун вуго гьев Донецкиялде. Гьениб лъугIун буго институт. Хадуб хъизан-лъималгун парахалъун вуго гьенивго. Гьев кколев вуго кикбоксалъул тренер. Чанго машгьурал спортсменал ругьун гьарун руго гьес. Гьеб хIалтIуда цадахъго хъизан-лъималаз хIалтIизе гьабулеб буго цо гIемер кIудияб гьечIеб тукенги. Гьедин лъана ниж тIоцере цоцада,-ян абуна ХIасаница.

КватIичIого доб больницаялде гьевго гIадин сах гьавизе вачIун вуго ЧIарада районалъул Дусрахъа Искандерги. Гьевги инвалид-колясочник. Гьедин щиб хIажатаб жо кканиги чIобого кинабго босун вачIунаанила ГьитIинамухIамад. НамуслъичIого нужор къасд ккараб жогIаги бицеян гьес абигун, махсародего гIадин борчIун анила Искандерихъа ражигун хинкIал кисаха щолел жалилан. Нахъисеб къоялъго гьебги босун вачIанила ГьитIинамухIамад.



**Раджабовасухъ гьоболлъухъ ХIасан ва Искандер**

- Гьедин моцIалдасаги цIикIкIарал къояз щиб хIажалъаниги нижер мурад тIубан, тIадеги гIемерал кванил нигIматалги рачIун, гьесул тIалаб-агъазалъ сверун ккун рукIанила жал,-ин бицана ХIасаница. Рокъове виччалеб мехалъги Ростовалде щвезегIан нухда регIанила гьес жив. Гьесулгун бухьен букIанила телефоналдаса. Цо къоялъ кIалъалаго бицун буго дагьал къоял разе Болъихъе щун вукIин. ХIасаница гьоболлъухъ Къелеве ахIун вуго. ВачIинчIеб мехалъ къотIи ккнила Искандергун цадахъ Болъихъе ине.

Гьале доб унго-унгояб магIарул гIаданлъиги, намусги. Жеги тIаде жубалаан бахIарчилъигиян. Гьадинал гIадамаз берцин гьабула магIаруллъиги, тIолабго Дагъистанги. Раджабов сундулго рахъалъ мисал босизе рекъарав гьечIищха. Баркала гьесие.

**Ругъелдаса ХIасаница бицаралдаса хъвана Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВАС**

■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН

## Причины отказов в назначении пособий

Наиболее частые причины отказов в назначении пособий от 3 до 8 и от 8 до 17 лет:

- имущество семьи превышает требования к движимому и недвижимому имуществу;
- размер ежемесячного дохода на человека в семье выше величины регионального прожиточного минимума;
- у обоих либо одного из родителей отсутствует доход без уважительной причины;
- предоставление недостоверных данных либо сокрытие доходов;
- в случае расторжения брака, если решением суда ребенок остается проживать с родителем, не получающим выплату;
- в случае передачи ребенка, на которого выплачивается пособие, под опеку (попечительство).

Представить дополнительные сведения о доходах понадобится только в том случае, если в семье есть военные, спасатели, полицейские или служащие другого силового ведомства, а также, если кто-то получает стипендии, гранты и другие выплаты научного или учебного заведения.

Для назначения нового пособия на детей важно, чтобы у родителя и ребенка было гражданство РФ и они постоянно проживали в России.


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ
РЕДАКТОРАЛЪУЛ
ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ

П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ

Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи
«Шамильский районалъул»
администрация

Учредители: Администрация
муниципального образования
«Шамильский район»

БатIи-батIиял сонazда газета къватIибе бачIунеб букIана
“ЦIияб канлъи” ва
“БагIараб цIва”
абурал цIаразда гъоркь.

Газета хIадур гьабуна
редакциялъул
компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул
миллияб политикаялъул,
информациялъул ва
къватIисел бухьеназул
министерствоялъул
“ГУП РГЖТ”
типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована
Федеральной службой
по надзору в сфере
связи, информационных
технологий и массовых
коммуникаций (Управление
Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде
кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде
кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго
гуро газеталда рахъарал
макъалабазул авторазул
пикругун данде- кколеб.
Макъалабазда рихьизарурал
хIужабазул, цIаразул,
тарихазул ва цогидал-
ги баяназул жаваб кьола
гьезул автораз. Гьединал
материалал газеталда
рахъула,
гьезие общественностаlъ
къимат кьезелъун.
Нижер электронияб
почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул
адрес:
РОССИЯ, Республика
Дагестан, Шамил район,
ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50